

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode nya éta cara utama anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan (Surahmad, 1985:131). Ieu panalungtikan ngagunakeun déskriptif analitik. Méthode déskriptif nya éta "méthode yang digunakan untuk berupaya memecahkan atau menjawab permasalahan yang sedang dihadapi sekarang (Ali, 1989 :120). Méthode déskriptif dipilih lantaran hayang manggihan masalah-masalah anu disanghareupan. Méthode *analitik* nya éta digunakeun pikeun nyindekkeun hasil panalungtikan anu ngagunakeun pamarekan jeung analisis statistika boh wangun déskriptif atawa inférensial.

Méthode déskriptif nya éta méthode anu bisa ngungkulan pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun papasingan, jeung napsirkeun data (Surahmad, 1985 :143).

Alesan ngagunakeun méthode déskriptif-analitik, nya éta :

- a) Luyu jeung tujuan anu rék dihontal, nya éta ngadéskripsikeun sakabéh data anu geus ngumpul, anu satuluyna dianalisis jeung ditafsirkeun.
- b) Ieu méthode téh baris ngungkulan pasualan anu aktual. Kulantaran kitu, ieu méthode téh bisa dipaké pikeun maluruh kamampuh siswa dina biantara mangsa kiwari.

Dina ieu panalungtikan baris digunakeun méthode déskriptif, anu miboga ciri-ciri:

- 1) Museurkeun paniten pikeun ngarengsekeun masalah anu aya dina mangsa kiwari, sarta dina masalah anu aktual;
- 2) data anu geus aya disusun, dijéntrékeun anu satuluyna dianalisis.

- 3) Ieu métode dipaké pikeun ngadéskrripsikeun kamampuh biantara siswa ditilik tina aspék kabasaan jeung nonkabasaan.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan dipaké pikeun ngumpulkeun data nya éta téhnik wawancara, angkét, jeung obsérvasi. Leuwih jelasna dijéntrékeun ieu di handap:

- a. Wawancara digunakeun pikeun nambahan kasempurnaan data. Wawancara dilaksanakeun jeung guru basa Sunda SMA Pasundan 3 Bandung kalawan madoman kana lembar instrument kuésioner pikeun guru basa Sunda.
- b. Angkét dijieun pikeun nyaring data siswa sarta mikanyaho kamampuh siswa. Angkét ditujukeun pikeun siswa SMA Pasundan 3 Bandung anu jadi sampel dina panalungtikan, anu kudu dijawab sarta kudu dikumpulkeun dina waktu harita. Hasil tina angkét dipaké dasar pikeun nyieun papasingan kelompok dina raraga ngabandingkeun kamampuh biantara subyék panalungtikan.
- c. Observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku jalan nyaksian kana jejer panalungtikan. Observasi nya éta alat atawa media pikeun ngajén jeung ngadétéksi kamampuh nyarita siswa (verbal, nonverbal) kalayan waktu anu geus ditangtukeun. Siswa dibéré kasempetan pikeun ngadémonstrasikeun kamampuhanana dina nyarita. Unggal paripolah siswa meunang panitén jeung pangajén luyu jeung padoman anu digunakeun pikeun nangtukeun skor au idéal tiap siswa. Observasi dilaksanakeun pikeun nyaring data ngeunaan kamampuh biantara siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung dina hal ngawasa komponen biantara, aspék kabasaan jeung nonkabasaan. Tés biantara dilaksanakeun kalawan méré pancen ka sakabéh siswa (populasi panalungtikan) pikeun nyieun téks biantara dumasar kana katangtuan sakumaha anu aya dina lembar instrumén téks

panalungtikan biantara. Siswa dibéré kabébasan pikeun milih topik biantara sakumaha anu dipikahayangna.

Sabada nu nyusun nalungtik angkét anu geus disebarkeun saméméhna, langkah saterusna nangtukeun sampel panalungtikan luyu jeung kabutuhan panalungtikan. Saterusna, siswa anu dijadikeun sampel dibéré pancén biantara nu geus ditulisna, kahareup saurang- saurang. Naskah sampel anu keur biantara dibéré peunteun kalawan madoman kana lembar instrumént ajén inajén biantara, sarta teu poho bari dirékam. Maksud ayana prosés ngarekam nya éta sangkan ngagampangkeun dina nganalisis data deui, anu engkena ditranskrip kana wangun tulisan.

3.2 Populasi jeung Sampel

Populasi nya éta sajumlahing objék anu bakal ditalungtik sarta saeutikna mibanda hal anu sarua. Nu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakumna murid kelas XI Ips SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2007/2008. Sampel dicokot dumasar kana tujuan nu tangtu sarta pikeun nyumponan pangabutuh jeung kapentingan nu nalungtik. Jumlah sampel nu dicokot aya 34 sampel tina populasi sajumlahing 42 langkah dina nangtukeun sampel dumasar kana hasil analisis angkét, pikeun nyumponan pangabutuh tujuan panalungtikan.

3.3 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun kamampuh biantara siswa ditilik tina aspék kabasaan jeung nonkabasaan. Nu jadi objék dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2007/2008.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun sababaraha instrumént, nya éta:

- a. Angkét

Angkét dijieun mangrupa instrument pikeun nyaring data siswa mana nu mampu kana biantara.

b. Katangtuan Téks Biantara

Ieu instrument mangrupa padoman pikeun siswa dina nyusun téks biantara.

c. Kuésioner Pikeun Guru Basa Sunda

Daptar patalékan ieu digunakeun pikeun ngawawancara guru basa sunda sangkan nambah kasampurnaan data.

d. Format Penilaian Biantara

Ieu format digunakeun pikeun meunteun siswa dina keur lumangsungna biantara. Sangkan leuwih nyampurnakeun meunteun data, bisa dibalikkan deui ngaliwatan rékaman.

e. Padika Méré Peunteun

Katangtuan dina méré peunteun ka siswa.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik ngolah data inférensial, nya éta statistik anu mibanda fungsi pikeun nyieun kacindekan ngeunaan populasi dumasar kana panalungtikan sampél.

Léngkah-léngkah ngolah data dipedar ieu di handap:

- Méré skor ka siswa ngeunaan kamampuh biantara dumasar kana kritéria skala peunteun.
- Ngajumlahkeun skor total tiap sampel pikeun néangan rata-rata hitungna (\bar{X}), kalawan ngagunakeun rumus:

$$\bar{X} = \frac{ST}{JI}$$

Kat : \bar{X} = rata-rata hitung

ST = skor total

JI = jumlah indikator

- c. Dumasar kana kritéria peunteun, pikeun leuwih ngagampangkeun dina nangtukeun skala anu mangrupa skala ordinal, nya éta luhur pisan (LP); luhur (L); sedeng (S); handap (H); jeung handap pisan (HP), skor total masing-masing sampél dirobah kana kriteria 1-100. Ngarobah peunteun kana skala 100, kalawan ngagunakeun rumus:

$$N = \frac{ST}{JI} \times 100\%$$

Kat: N = Peunteun Siswa

ST = Skor anu Kahontal

SI = Skor Idéal

- d. Kritéria anu geus kapanggih dikonsultasikeun kana kritéria anu geus disusun, nya éta:

3,94 - 4,00 = luhur pisan (LP)

3,39 - 3,93 = luhur (L)

0,65 - 3,38 = sedeng (S)

0,10 - 0,64 = handap (H)

0,00 - 0,09 = handap pisan (HP)

- e. Nyieun persentase ngeunaan kelompok siswa anu miboga kamampuh luhur pisan (LP), luhur (L), sedeng (S), handap (H), handap pisan (HP) kalawan ngagunakeun rumus:

$$N = \frac{\text{siswa nu kaasup kelompok}}{\text{Jumlah sampel}} \times 100$$

- f. Nyieun persentase ngeunaan kamampuh unggal indikator tina aspék kabasaan jeung nonkabasaan. (rumus sarua jeung léngkah é).

